प्रदेस में एक सौ छाछठ दिन ले चलल विशेष गहन पुनरीक्षण–एसआईआर प्रक्रिया के बादे आजु लखनऊ में मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा प्रदेस क आखिरी मतदाता सूची जारी कइ दिहलें। लखनऊ में पत्रकार लोगिन से बतियावत श्री रिणवा कहलें कि जारी ओटर लिस्टि के मोताबिक उत्तर प्रदेस में तेरह करोड़ ओन्तालीस लाख चौरासी हजार सात सौ बानवे मतदाता हवें। एहमें चौरासी लाख अट्‌ठाइस हजार सात सौ सड़सठ मतदाता लोगिन क बढ़ोत्तरी भइल बा।

**आज दस अप्रैल को हम अंतिम मतदाता सूची का प्रकाशन कर रहे हैं। वोटर्स डॉट ईसीआई डॉट जीओवी डॉट इन पे जाकर कोई भी व्यक्ति उत्तर प्रदेश के किसी भी जिले या विधानसभा की मतदाता सूची में अपना नाम देख सकता है।**

श्री रिणवा कहलें कि प्रयागराज में मतदाता लोगिन के संख्या में सबसे बेसी तीनि लाख ओन्तीस हजार चारि सौ एक्कइस क बढ़ोत्तरी दरज कइल गइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अटल बिहारी वाजपेयी मेडिकल यूनिवर्सिटी लखनऊ में कार्डियोलॉजी सोसाइटी ऑफ इंडिया के ओरि से आयोजित एनआईसी–दुइ हजार छब्बीस कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि केन्द्र आ राज्य सरकार के संयुक्त कोसिस से उत्तर प्रदेस में एक्यासी मेडिकल कॉलेज आ दुइ गो एम्स क सफलतापूर्वक संचालन हो रहल बा। मुख्यमंत्री आयुष्मान भारत योजनो के बारे में जिकिरि कइलें।

**भारत के अंदर दुनिया की सबसे बड़ी हेल्थ स्कीम पीएम जन अरोग्य योजना में प्रधानमंत्री आयुष्मान भारत की सुविधा भारत के लगभग 55 से 60 करोड़ लोगो को इस सुविधा का लाभ प्राप्त हुआ है। जिसमें प्रतिवर्ष वह पांच लाख रूपये की स्वास्थ्य सुविधा प्राप्त कर सकता है। इतनी बड़ी आबादी दुनिया के अंदर कहीं भी इस सुविधा का लाभ नही ले सकता जितना की भारत ने आयुष्मान भारत के अंदर अपने देश के अंदर उपलब्ध करवाई है।**

श्री योगी कहलें कि हमनी के बचाव आ इलाज दुन्नो पक्षन के साथे ले के चलब त नतीजा जरूर मिली।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि लखनऊ में ऊर्जा विभाग के कार्यन क समीक्षा कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री बिजुली मीटर के बारे में उपभोक्ता लोगिन के सिकाइति क संज्ञान लेत एकर गहन जांचि क निरदेस दिहलें। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने कहा कि ऊर्जा क्षेत्र में किए गये सुधारों का वास्तविक लाभ अंतिम उपभोक्ता तक पहुंचे, इसके लिए विश्वसनीय आपूर्ति, तकनीकी दक्षता और जवाबदेही को आधार बनाकर कार्य किया जाए। श्री योगी ने निर्देश दिए कि उपभाक्ताओं की शिकायतों का समुचित और समयबद्ध समाधान किया जाए। मुख्यमंत्री ने कहा प्रदेश में निर्बाध, गुणवत्तापूर्ण और पारदर्शी विद्युत आपूर्ति सुनिश्चित करना सरकार की सर्वोच्च प्राथमिकता है। ऐसे में सभी तापीय इकाइयों को पूर्ण क्षमता के साथ संचालित रखा जाए और ग्रीष्मकालीन मांग के दृष्टिगत आवश्यक तैयारियां सुनिश्चित की जाए। समाचार कक्ष से अरूण।**

**********

इलाहाबाद उच्च न्यायालय क न्यायाधीश यशवंत वर्मा आजु राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु के आपन इस्तीफा सउंपि दिहलें। न्यायमूर्ति वर्मा के आवास से जरल नोटि क ढेर मिलले के बादे उनके खिलाफ महाभियोग क कार्यवाही चलि रहल हौ। पछिला बरिस चउदह मार्च के नई दिल्ली के उनके आधिकारिक आवास से जरल नोटि क ढेर मिलले के बादे न्यायमूर्ति वर्मा के दिल्ली उच्च न्यायालय से इलाहाबाद उच्च न्यायालय में स्थानांतरित कइल गइल रहे।

**********

आजु से प्रदेसव्यापी दस्तक अभियान सुरू हो गइल। ई तीस अपरैल ले चली। येह अभियान में आशा आ आंगनबाड़ी कार्यकत्रियन क टीमि घरे–घरे जा के संचारी रोगन के बारे में लोगिन के जागरूक करिहें। सथहीं संचारी रोगन के मरीजन के खोजि के इलाज में उनकर सहजोग कइल जाई। अभियान के दौरान कुपोसित लइकन के खोजले के साथे–साथ छूटि गइल लाभार्थियन क आभा आईडी भी बनवावल जाई। गोरखपुर में दस्तक अभियान क जिला स्तरीय सुभारम्भ आजु चौरीचौरा सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र से विधायक श्रवण निषाद आ सीएमओ डॉक्टर राजेश झा कइलें। येह मौका पर विधायक श्रवण निषाद जिला में सुरू भइल दस्तक अभियान के बारे में पुरहर जनकारी दिहलें।

**बात है कि दस्तक अभियान चल रहा है, जो आज ही से चलेगा और तीस अप्रैल तक ये चलेगा। इस दौरान लगभग चार हजार एकतालीस सौ आशायें, कई टीम गठित हुआ है। इस जनपद में ये घर–घर तक जायेंगे। लगभग छः लाख अड़तीस हजार घरों को टच करेंगी ये जायेंगी उनके बीमारी के बारे में जानकारी लेंगी, जागरूक करेंगी।**

**********

मथुरा में लुधियाना के सरधालुअन के ले जा रहलि एगो नाइ आजु दुपहरिया बादे यमुना नदी में केसी घाट के लग्गे पलटि गइलि। आखिरी समाचार मिलले ले येह हादसा में कम से कम दस लोगिन क मउति हो गइल रहे। हमरे संवाददाता बतवलें कि हादसा के बाद करीब डेढ़ दरजन लोगिन के बचा लिहल गइल बा। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में येह हादसा पर गहरा सोक जतवले हवें। उहां के राहत आ बचाव कार के सथहीं घाही लोगिन के समुचित इलाज क निरदेस दिहले हईं।

**********